



Mwen malad

Ki kote pou m jwenn swen? Kòman m fè konnen kote pou m ale?

M ap jwenn yon lis ki gen tout etablisman ak pwofesyonèl sante ki toupre kote m rete a sou <http://annuaire.sante.ameli.fr>



Kay yon pwofesyonèl sante ki pa lopital la

Pou nenpòt pwoblèm sante, ou gen posiblite al kay yon medsen « jeneralis » ki pral egzamine w e ki pral preskri w medikaman ou bezwen yo. Li pral voye w kay yon medsen « espesyalis » oswa kay yon oksilyè medikal (enfimye, masè kineziterapet, elatriye) si w bezwen lòt egzamen oswa lòt swen.



Nan famasi

Pou achte medikaman, kit doktè a oswa lopital la preskri yo, kit yo pa fè sa Pou mande konsèy.

Li posib pou asirans maladi w la ka ranbouse w swen w ap peye pou yo. Gade paj 2 a pou konnen ki demach ou bezwen fè epi gade anba a la pou fè yon demann.



Lopital

Nan ka ijans

Pou kèk kalite egzamen oswa pou resevwa yon konsiltasyon nan men yon espesyalis, depi w gen randevou.



Nan yon etablisman kote w ap resevwa swen ki gratis, kèlkeswa sityasyon w

Pou tout kalite swen, nan sa yo rele pèmanans aksè ak swen sante (permanences d'accès aux soins de santé, PASS)

Pou fi ki ansent ak timoun ki poko gen 6 an: nan sant PMI

Pou tibèkiloz: nan sa yo rele sant pou goumen kont tibèkiloz (centre de lutte anti-tuberculose, CLAT)

Pou tès depistaj VIH, epatit ak IST: nan CeGIDD

Pou jwenn metòd kontrasepsyon: nan sa yo rele sant planing (centre de planification familiale, CPEF)

Pou adiksyon: nan CSAPA

Nan asosyasyon ki espesyalize.



Pou yon ijans medikal, m ap rele 15 oswa 112 pou yo di m kote pou m ale selon sityasyon m nan.

Bagay ou bezwen konnen

Entèdiksyon diskriminasyon ak sekre medikal: pwofesyonèl sante yo (doktè, enfimye, dantis, elatriye) pa gen dwa pou yo refize ba w swen akòz kote w soti a. Mete sou sa, yo pa gen dwa bay okenn lòt moun enfòmasyon sou eta sante w, menmsi se ta otorite yo.

Medsen tretan: ou gen pou chwazi yon medsen ki pral responsab pou l suiv eta sante w. Konsa ou pral resevwa bonjan swen e yo ap ka ranbouse w tou. Pale sa avè l depi nan premye konsiltasyon.

Yo pa gen dwa ni pou yo fè okenn kalite pwosedi medikal ni pou yo trete w san w pa resevwa tout enfòmasyon ou bezwen yo e san w pa di ou dakò pou sa.

Kijan w ka jwenn yon asirans maladi ki pran swen medikal ou yo an chaj?

An Frans, se peye w peye pou swen medikal, men **ou ka benefisyè yon asirans maladi, asirans sa a ap pran an chaj yon pati oswa tout depans medikal ou ak fanmi w**, selon sityasyon w. **Mande enfòmasyon ak fòmilè yo nan CPAM** (kès primè asirans maladi ki nan zòn ou an) oswa ou ka rele nan telefòn nan nimewo 3646 (w ap peye pou apèl la) oswa ou ka ale sou sit Entènèt sa a : www.ameli.fr et www.complementaire-sante-solidaire.gouv.fr

- ENPÒTAN**
- ✓ **Si w gen timoun ki bezwen swen** : menmsi w poko fè demann nan oswa demann ou an nan etap kote y ap egzamine l, fè demann nan nan CPAM. Pou w fè sa w ap ranpli fòmilè yo e w ap mete prèv ak fakti swen medikal yo ansanm ak fòmilè yo pou yo ka pran sa an chaj byen vit.
 - ✓ **Ou dwe bay yon adrès fiks** oswa san pèdi tan ou ka mande yon òganis (egz : CCAS) yon adrès ou ka resevwa kourye si w pa gen yon kote stab ou rete.

Ou gen yon rezidans. Pou yo pran swen w yo an chaj, ou dwe pran 2 kalite asirans maladi :

1) Asirans maladi w :

Asirans sa a pèmèt yo ranbouse w yon pati nan depans swen sante w yo. W ap mande fòmilè a nan CPAM e w ap mete prèv yo mande yo ansanm ak fòmilè a. Yonfw yo aksepte demann ou an, w ap resevwa yon papye "sètifika ki pwouve ou gen dwa", apre sa y ap ba w yon kat yo rele "kat Vitale", w ap gen pou w montre lè w al kay doktè, nan famasi, eksetera, yon fason pou yo ka ranbouse w.

2) Yon lòt asirans (asirans konplemantè) :

Li pèmèt yo pi byen ranbouse w, swa tout depans lan swa yon pati ladan l selon **mwayen w oswa selon kontra w chwazi a**.

- **Si kantite kòb ou rantrè a piti** : ou ka benefisyè **Konplemantè sante solidè (C2S) a gratis**, san w pa gen pou w peye anyen. Ou pap gen pou w peye pou swen kay doktè, lopital, famasi..., y ap peye depans sa yo pou ou. Mande fòmilè a nan CPAM bò lakay ou.
- **Si kantite kòb ou rantrè a yon tikras pi wo** : ou ka benefisyè **C2S la tou**, men w ap gen pou w peye yon patisipasyon k ap depann de laj ou. Pa gen diferans nan èd pou kouvri depans medikal yo kit se peye ou peye, kit ou pa peye. Mande fòmilè a nan CPAM bò lakay ou.
- **Si kantite kòb ou rantrè a twò wo** pou w benefisyè **C2S** : ou pa pran sa yo rele yon "mutuelle" ki peye pou w ka pi byen ranbouse swen w yo. Chèche jwenn enfòmasyon dirèkteman nan "mutuelles" yo. (*yon mutuelle se yon sosyete ki jwenn fon grasa kotizasyon manm li yo. Youn nan sa yo ofri se asirans konplemantè)

Mwen se yon refijye / etidyan / manm fanmi yon moun ki an Frans ki deja gen yon asirans maladi :	Mwen resevwa yon alokasyon pou fanmi oswa alokasyon sosyal (RSA, alokasyon pou fanmi, èd pou lojman, AAH...) :	Mwen gen yon travay an Frans :	Mwen nan yon lòt sityasyon :
Mwen ka benefisyè asirans maladi a kou mwen rive an Frans. M ap fè demann nan nan CPAM bò lakay mwen san m pa tann 3 mwa apre m fin rive an Frans.	Mwen ka benefisyè asirans maladi a kou mwen rive an Frans. M ap fè demann nan nan CPAM bò lakay mwen san m pa tann 3 mwa apre m fin rive an Frans.	Yo kouvri depans maladi pou mwen depi lè m kòmanse travay mwen an. M ap fè demann nan nan CPAM bò lakay mwen san m pa tann 3 mwa apre m fin rive an Frans.	Mwen dwe tann 3 twa mwa apre mwen fin gen yon rezidans anvan m fè demann nan nan CPAM bò lakay mwen an. M ap mete prèv ki montre mwen gen rezidans lan nan dosye a.

Fason pou w fè dosye demann asirans maladi a nan CPAM (w ap kenbe yon kopi demann ou an) :



- ✓ W ap mete nan fòmilè a non tout moun ki sou kont ou k ap viv an Frans pou yo ka benefisyè asirans maladi a tou.
- ✓ W ap bay tout prèv ki montre w ap viv an Frans depi plis pase 3 mwa, si sa nesesè, avèk non w ak yon dat (tankou prèv ki montre ou peye lwaye, fakti telefòn, preskripsyon yon doktè bay, atestasyon yon asosiyasyon...).
- ✓ Si w gen depans sante, w ap mete fakti yo ansanm ak dosye a pou yo ka egzamine dosye w la an priyorite e si sa posib pou yo ka ranbouse w depans sa yo.